



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MITAN MANK DIREKSYON FEDERAL LA, GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ MURPHY AK GOUVÈNÈ LAMONT ANONSE YON APWÒCH REJYONAL POU LITE KONT COVID-19**

***Twa Eta yo pral limite gwosè foul yo pou rasanbleman rekreyatif ak sosyal a 50 moun - apati de 8 PM aswè a***

***Restoran yo ak ba yo pral fèmen pou sèvis sou plas epi pase a sèvis a anpote ak livrezon sèlman apati de 8 PM aswè a***

***Sinema, sant espò ak kazino ap fèmen pwovizwaman apati de 8 PM aswè a***

***Yon apwòch inifòm a distans sosyal ap ralanti simayman COVID-19 la toupatou nan twa eta yo***

Nan mitan mank direksyon federal ak nòm pou tout nasyon an, Gouvènè New York la Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey a Phil Murphy ak Gouvènè Connecticut la Ned Lamont te anonse jodi a yon apwòch rejyonal pou lite kont nouvo coronavirus la - oswa COVID-19 - toupatou nan twa eta yo.

Nòm inifòm sa yo pral limite gwosè foul yo pou rasanbleman sosyal ak rekreyatif a 50 moun, apati de 8 PM aswè a. Yo suiv mizajou nan rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) te pibliye yè a ki rekòmande pou yo anile oswa ranvwaye aktivite an pèsonn ki gen omwen 50 moun ladan yo.

Twa gouvènè yo te anonse tou restoran yo ak ba yo pral fèmen pou sèvis sou plas epi pase a sèvis a anpote ak livrezon sèlman. Etablisman sa yo ap resevwa dispans pou alkòl a anpote. Mezi sa yo ap antre an vigè a 8 PM aswè a.

Finalman, twa gouvènè yo te di y ap pwovizwaman fèmen sinema, sant espò ak kazino, apati de 8 PM aswè a.

Apwòch inifòm sa a pa rapò a distans sosyal fèt pou ralanti simayman nouvo coronavirus la, oswa COVID-19.

"Bi prensipal nou kounye a se ralanti simayman viris sa a pou vag nouvo enfeksyon yo pa kraze sistèm medikal nou an, epi tout moun dakò distans sosyal se pi bon jan pou fè sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se pa yon gè nou kapab genyen poukont nou, se poutèt sa New York ap mete tèt ansanm avèk eta vwazen nou yo pou mete sou pye yon

nòm inifòm k ap non sèlman kenbe pèp nou an an sekirite men k ap anpeche tou pou rezidan yon eta travèse al nan yon lòt epi visevèsa. Mwen mande gouvènman federal la pou li mete sou pye pwotokòl pou tout nasyon an men kòm li pa fè l nou pran sa nan men pa nou."

**Gouvènè Murphy te deklare,** "Avèk tout sa n ap wè nan eta nou an - ak toupatou nan nasyon nou an ak nan lemond - moman pou n pran mezi ki pi djanm, ak pi dirèk yo jiskaprezan pou ralanti simayman coronavirus la se kounye a. Mwen di plizyè fwa pandan plizyè jou ki sot pase yo, nan eta nou an, n ap travèse sityasyon sa a an yon sèl fanmi New Jersey. Men si nou tout nan menm bato a, nou dwe travay avèk eta vwazen nou yo pou aji ansanm. Travay kont coronavirus la se pa pou kèk nan nou sèlman, se pou nou tout".

**Gouvènè Lamont te deklare,** "Sèl jan pou jwenn rezilta nan lit kont simayman COVID-19 la se nan travay nan tèt ansanm kòm eta. Nou gen menm enterè, epi detwa fèmti ak restriksyon se pa pi bon jan pou vanse. Mwen konnen gras a kolaborasyon sa a, nou pral sove lavi".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)